

**PANGAJARAN NULIS PUISI BERORIENTASI IDE JEUNG DIKSI
NGANGGO MODÉL PETA KONSEP PIKEUN SISWA DINA FASE E DI SMA
PASUNDAN 7 BANDUNG**

RINGKESAN

Rendahna kamampuh peserta didik dina nulis puisi ngabalukarkeun penalungtikan ieu dilaksanakeun. Loba faktor nu mangaruhan, di anatarana faktor milih jeung migunakeun modél pangajaran nu kurang merenah nepi ka pangajaran jadi monoton. Tujuan tina panalungtikan ieu diantarana: (1) pikeun ngagambarkeun penerapan modél pangajaran peta konsep kana kamampuh nulis puisi anu berorientasi ide jeung diksi peserta didik Fase E di SMA Pasundan 7 Bandung; (2) pikeun ngagambarkeun kamampuh peserta didik dina nulis puisi anu berorientasi ide jeung diksi sateuacan jeung sanggeus migunakuen modél peta konsep; (3) pikeun ngagambarkeun bédana kamampuh peserta didik dina nulis puisi berorientasi ide jeung diksi kalayan migunakeun modél ekspositori. Metode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaéta motode kuantitaif eksperimen kalayan desain quasi experiment. Data anai dihasilkeun asalna tina prates jeung pascates kelas eksperimen jeung kelas kontrol tina peserta didik Fase E SMA Pasundan 7 Bandung. Hasil panalungtikan ieu nunjukkeun yén aya paningkatan dina kamampuh nulis puisi anu berorientasi kana ide jeung diksi ku ngagunakeun model Peta Konsep, kalayan nilai rata-rata naék tina 51 jadi 90. Hasil tina uji paired t-test nyaéta 0,00 anu kurang ti 0,05 anu nunjukkeun bédana signifikan antara prates jeung pascates kelas eksperimen. Saterusna, model Peta Konsep leuwih merenah dibandingkeun model ekspositori dina pangajaran nulis puisi anu berorientasi kana ide jeung diksi. Hal éta dibuktikeun ku hasil uji independent t-test kalayan nilai sig anu didapet 0,001 jeung 0,002 anu hartina nilai éta leuwih leutik ti 0,05. Salian ti éta, hasil tina n-gain score kelas eksperimen ku ngagunakeun model Peta Konsep nyaéta 78 anu hartina éta nilai asup kana kategori efektif, sedengkeun n-gain score kelas kontrol anu ngagunakeun model ekspositori nyaéta 33 anu hartina éta nilai asup kana kategori teu efektif. Tina hasil ieu bisa disimpulkeun yén kamampuh murid dina nulis puisi anu berorientasi kana ide jeung diksi ku ngagunakeun model Peta Konsep leuwih hadé dibandingkeun ngagunakeun model ekspositori. Ku kituna, ngagunakeun model Peta Konsep leuwih merenah tibatan model ekspositori pikeun pangajaran nulis puisi anu berorientasi kana ide jeung diksi.

Kata Kunci: *Diksi jeung ide, nulis puisi, peta konsep*